

CHAPIT 19

Teknik wo nivo pou gwosès ak akouchman

Nan chapt sa a:

Egzamen vajinal pandan tranche	339
Ki jan pou fè yon egzamen vajinal	340
Metòd tradisyonèl pou fòse tranche	341
Lavman (likid nan twou dèyè)	342
Remèd fèy	344
Remèd luil “castor”	343
Piki	345
Ki jan pou bay likid nan venn (sewòm)	350
Katetè (yon tib pou ede pipi soti)	352
Epizyotomi.....	354
Koud yon dechiri oswa yon epizyotomi	356
Ki jan pou w deside si yon dechiri merite koud	356
Ki jan pou koud dechiri.....	362
Pran swen yon fi apre sikonsizyon.....	367
Pou re-ouvri yon sikatris jenital	367
Swen ijans pou MJF	368
Pou reparé ensizyon an	367
Vire yon bebe ki nan pozisyon chita oswa ki kouche sou kote	369

TEKNIK WO NIVO POU GWOSÈS AK AKOUCHMAN

CHAPIT

19

Egzamen vajinal pandan tranche

Tranche pase byen pou pifò fi, **e pi souvan ou pa bezwen fè yon egzamen vajinal.**

Men, yon egzamen vajinal ka itil paske se fason ki pi sèten pou konnen nan ki nivo tranche a ye. Egzamen an ka montre w nan ki lajè kòl matris la ouvri epi èske ptit la nan pozisyon chita oswa si se tèt li ki anba.

Egzamen vajinal gen risk, se poutèt sa ou dwe fè l sèlman si l vrèman nesesè.

Kòl matris la poko ouvri toujou. Sa fè 12 èdtan depi w ak tranche san chanjman. Mwen panse fò n al lopital.



Yon egzamen vajinal ka ede w deside ki lè w bezwen al lopital.



ATANSYON! Chak lè w fè yon egzamen vajinal, menmsi w lave men w epi w mete gan, gen risk pou ou pase mikwòb bay fi a. Poutèt sa, li pi bon pou w evite egzamen vajinal si tout bagay ap mache byen.


- Pa janm fè yon egzamen vajinal apre li fin pase likid, sof si se nan fen tranche a oswa si gen yon ka dijans. Gen anpil chans pou l fè enfeksyon (gade paj 175).
- Pa janm fè yon egzamen vajinal si manman an ap bay san nan vajen (gade paj 183).

KI JAN POU FÈ YON EGZAMEN VAJINAL


Li difisil pou nou dekri nan yon liv ki jan pou fè yon egzamen vajinal. Yon moun ka aprann li pi byen nan fè pratik. Asire w yon moun ki gen eksperyans montre w ki jan pou fè l'anvan w eseye fè youn poukонт ou.

1. Esplike fi a ki sa w pral fè e poukisa w pral fè l.
2. Fè fi a repoze sou do l'avèk janm li kase e ouvri.
3. Lave men w byen ak savon (gade paj 53). Mete gan ki esterilize oswa gan ki trè pwòp.
4. Avèk prekosyon, mete 2 dwèt nan vajen manman an. Si li fèk kòmanse gen tranche, souvan w ap oblige foure men w byen fon anndan l (longè dwèt ou) jiskaske dwèt ou jwenn kòl matris la. Si fi a nan fen tranche a, tèt pitit la ka pouse kòl matris la pi pre deyò a.
5. Manyen kòl matris la.


Si kòl matris la fèmen, w ap santi l long epi li di, tankou nen w.



Pandan kòl matris la kòmanse ouvri, l ap vin pi plat.




Lè kòl matris la ap ouvri, li sanble ak lèv yon moun k ap ouvri sou tèt bebe a ki won e ki di.



W ap santi tèt bebe a byen di dèyè kòl matris la. Si w santi yon bagay ki mou dèyè kòl matris la, bebe a gendwa nan pozisyon chita.

Pafwa, nan fen tranche a kòl matris la prèske fin ouvri, men gen yon ti rès nan kòl matris ki rete sou kote. Li pi bon pou w tann jiskaske kòl matris la fin ale anvan manman an kòmanse pouse.



Lè w pa ka touche kòl matris la ditou, sa vle di li ouvri nèt. Kounye a manman an ka kòmanse pouse san danje.

Kòl matris la fin ouvri nèt. Kounye a se lè pou w pouse.

Finalman!



Metòd tradisyonèl pou fòse tranche

Ou ka bezwen ankouraje tranche a lè:

- Li pase likid, men tranche a poco kòmanse, oswa tranche a kòmanse men pitit la poco prèt pou l fèt.
- Sa fè plizyè èdtan depi manman an gen tranche cho, men pitit la poco ka fèt.
- Sa fè plizyè èdtan depi manman an gen tranche frèt, tranche a ase cho pou anpeche l repoze, men li pa ase cho pou l ouvri kòl matris la.



Pa fòse tranche a si gen move siy, sitou si bebe a nan yon move pozisyon kote l pap ka soti, si fi a ap bay san ki pa nòmal, oswa si kè pitit la ap bat mwens pase 100 fwa pa minit. **Mennen l lopital.**

Paj 191 site kèk metòd “lakay” ki pou ede tranche a kòmanse oswa vin pi cho. Metòd sa yo pa gen gwo risk, donk, se pou w eseye yo anvan. Si metòd sa yo pa mache, e w pa ka al lopital, eseye metòd nan 3 paj suivan yo pou fòse tranche a.

Risk ki gen nan metòd sa yo

Ou ka itilize tout metòd sa yo lakay, men yo chak gen risk. Pi gwo risk sèke yo gendwa pa mache. **Eseye fòse tranche ka fè w pèdi tan**, tan ou te ka itilize pou al lopital. Si metòd sa yo pa mache apre 1 a 2 èdtan, al lopital, menmsi l byen lwen.

Ka gen lòt risk nan metòd la menm. Pa egzanp, gen remèd fèy ki ka chofe tranche a men yo ka monte tansyon tou.



ATANSYON! Pa janm itilize medikaman (tankou “oxytocin” oswa “misoprostol”) pou kòmanse tranche lakay. Medikaman sa yo ka lakòz kontraksyon ki gen ase fòs pou touye bebe a oswa manman an.

LAVMAN (LIKID NAN TWOU DÈYÈ)

Yo itilize lavman pou:

- Fè tranche pi cho (lavman ka fè kontraksyon yo vin pi fò).
- Fè tout pou pou a soti nan entesten yo (sa ka fè tranche a fèt ak mwens doulè).
- Fè moun ki dezidrate gen plis dlo nan kò 1.
- Bay yon moun medikaman menmsi l pa ka vale.




ATANSYON! Pi gwo danje ki gen nan lavman se lè yon ti moso pou pou soti nan twou dèyè a epi li tonbe nan vajen an. Sa ka lakòz enfeksyon apre akouchman an. Pou anpeche sa, **pa kite anyen ki fin touche twou dèyè manman an ni okenn pou pou touche vajen an.**

Epi, ou dwe pare pou tranche a kòmanse byen vit.


Ki jan pou fè lavman

1. Sanble tout zouti w ap gen bezwen:
 - Gan plastik ki pwòp.
 - Yon sak lavman ki pwòp oswa yon resipyen ki ka kenbe dlo.
 - Yon tib plastik ki pwòp ki pou antre nan twou dèyè a.
 - Yon kawoutchou ki pou branche sak lavman an ak tib plastik la (60 santimèt (2 pye) ap sifi).
 - 500 mililit do pwòp ki tyèd (apeprè mezi yon boutèy koka oswa 2 koup).
2. Lave men w epi mete gan plastic ki pwòp.
3. Mande fi a pou l kouche sou bò goch li.
4. Kite dlo koule desann rive nan pwent tib la epi peze tib la ak dwèt ou pou fèmen l. Sa pèmèt lè a soti.
5. Mouye pwent tib la avèk dlo oswa librifyan epi fè l glise antre nan twou dèyè a. Pa fè l antre plis pase 7.5 santimèt (3 pou).



Pa mete tib la pi fon pase sa.

6. Kenbe sak dlo a nan menm nivo ak ranch fi a epi kite dlo a koule dousman. L ap pran anviwon 20 minit pou tout dlo a fin koule.
7. Retire tib la epi mande fi a pou l kenbe dlo a anndan l toutotan li kapab. Lè l fin poupou oswa li kite dlo a soti deyò, souvan kontraksyon yo vin pi fò e pi souvan. Plis li kenbe dlo a anndan l, se plis teknik sa ap mache.



Note sa: Si w ap ba l lavman pou anpeche l dezidrate (san se pa pou chofe tranche a), li trèzenpòtan pou l kenbe dlo a anndan l. Si fi a bay siy ki endike li nan eta chòk, ou mèt ba l yon dezyèm lavman inèdtan apre premye a.


REMÈD LUIL “CASTOR”

Pafwa, yon bwason ki gen luil “castor” ak ji fwi ka kòmanse oswa chofè tranche. Si luil “castor” a pral ede tranche a kòmanse, w ap wè rezulta anvan 4 èdtan pase.

Luil “castor” lakòz krang nan vant ak dyare (poupou ki likid). Gendelè li bay vomisman tou. Lè yon fi gen dyare pandan tranche, sa ka ogmante chans pou l jwenn enfeksyon paske yon ti kal poupou ka antre nan vajen l fasilman. Kontraksyon aktout krang nan vant ka fè fi a santi tranche a twò vit oswa li ka boulvèse twòp.

Pou itilize luil “castor”

Melanje apeprè 60 mililit (2 ons) luil “castor” nan yon koup (240 mililit oswa 8 ons) ji fwi. Ji sitwon oswa ji zoranj fè travay sa a trè byen. Pa ba l plis ke yon vè.



Manman an dwe bwè tout vè a.

REMÈD FÈY

Anpil fanmsaj tradisyonèl ak medsen fèy sèvi ak remèd fèy pou kòmanse oswa pou chofe tranche. Ka gen remèd fèy nan zòn ou an ki fè sa byen. Gen remèd fèy ki pa tèlman efikas men yo pa danjere nonplis. Gen lòt ki konn danjere.

Suiv byen pou wè ki kalite efè remèd fèy yo genyen. Mande lòt medsen fèy ki bon ak ki move efè remèd fèy nan kominate a genyen. Pa sèvi ak remèd fèy ki ka danjere.



Tout remèd fèy gen pwoblèm sa yo:

- Dòz la difisil pou kontwole. Menm fèy la ki grandi nan zòn ki diferan oswa nan tè ki diferan, oswa yo keyi nan sezon ki diferan, yo pap gen menm fòs.
- Nenpòt remèd yo bay nan bouch pandan tranche ka difisil pou kò a itilize. Vant lan pa fonksyone byen pandan tranche.


Chak remèd fèy ka gen risk pa l. Men ki kalite risk w ap jwenn pi fasil nan remèd fèy ki chofè tranche:

- Tansyon wo
- Kontraksyon ki twò fò
- Alèji



Piki

Li pi danjere pou w bay yon medikaman avèk piki pase pou w bay li nan bouch. Men gendelè, sitou nan ka dijans, se piki ki mwayen ki pi efikas pou bay yon medikaman. **Bay piki sèlman lè sa nesesè**, epi aprann fè l san danje.




Yo bay piki twò souvan. Gen kote, depi yon moun santi l malad, premye bagay yo ba li se yon piki, pafwa se vitamin, pafwa se antibiotik oswa lòt kalite medikaman. Souvan jan de piki sa yo pa fè anyen pou geri maladi a, yo se yon depans initil, epi yo ka danjere.



ATANSYON! Piki ka danjere:

- Kote yo bay piki a ka vin enfekte epi li ka lakòz yon absè.
- Remèd piki konn lakòz alèji ki trè danjere.
- Piki ki pa esterilize ka pwopaje maladi, tankou epatit oswa VIH.
- Yon fanmsaj (oswa nenpòt moun ki bay piki) gen yon ti risk pou l pike tèt li ak piki a pa aksidan apre li fin bay piki a. Si sa rive, li gen chans trape maladi tankou epatit oswa VIH.
- Piki pou chofe tranche ka bay pitit la ak tout manman l pwoblèm. Pa janm bay piki pou chofe tranche.



Esterilize
zegui a anvan
w itilize l.
Sinon, li ka
bay yon absè.

Men kèk nan sityasyon kote yon piki ka ede oswa li ka nesesè:

- Manman an ap senyen anpil apre akouchman. Piki “oxytocin” ka ede fè san an rete.
- Kriz oswa pre-eklanmsi pandan tranche ak akouchman. Yon piki “sulfate de magnésium” ka anpeche kriz la.
- Manman an fè enfeksyon apre akouchman an. Piki antibiotik ka fè enfeksyon an rete pi vit.
- Koud dechiri apre akouchman. Piki pou doulè fè doulè kouti a bese.

Sonje sa: Pinga w janm bay piki si medikaman nan bouch ka bay menm rezilta a.

Alèji

Sonje gen medikaman ki ka bay gwo alèji. Gade paj 465 pou aprann plis sou zafè alèji epi ki jan pou w fè tretman pou yo.

Ki jan pou bay yon piki

Prepare sereng nan ak zegui a


Gen 2 kalite sereng: youn ki ka resèvi ak youn ki pou sèvi yon sèl fwa. Sa ki pou resèvi dwe demonte, lave, epi esterilize chak fwa w pral sèvi avè l (gade paj 66). Sa ki pou sèvi yon sèl fwa a vini nan pake ki tou esterilize. Si pake esterilize a sèch epi l pa pete, sereng nan ak zegui a ka sèvi tousuit. Yo pa bezwen esterilize anvan w sèvi avè yo.

Pafwa ou ka resèvi ak sereng epi zegui ki ta dwe sèvi yon sèl fwa, men, **ou dwe esterilize yo chak fwa w pral sèvi avè yo.**

Nan liv sa a, nou montre foto sa a bò kote tout medikaman ki dwe bay kòm piki.



Sereng



Gen lòt kalite sereng ki pa janm dwe sèvi plis pase yon sèl fwa. Pafwa sereng sa yo vini aktout medikaman anndan yo. Yo ka rele yo **sereng tou pare.**



ATANSYON! Apre yon sereng ak zegui fin esterilize, ou pa dwe janm touche zegui a ak men w ni ou pa dwe janm kite anyen touche l. Sinon, li pa esterilize ankò. Ou dwe touche sèlman deyò tib la oswa piston sereng nan.

Rale medikaman monte

Medikaman pou piki vini nan 3 fòm:



Nan yon ti boutèy ki rele **anpoul**. Ou dwe kase tèt anpoul la pou w ka jwenn medikaman an.



Yon likid nan yon ti boutèy ki gen bouchon. Ou pouse zegui a antre nan yon pati nan bouchon an ki mou pou w ka rale medikaman an.




Yon poud nan yon boutèy ki gen bouchon. Ou dwe melanje medikaman sa yo ak dlo esterilize.

Nòmalman, anpoul yo gen kantite medikaman egzakteman pou yon dòz. Jeneralman, boutèy yo gen ase pou plizyè dòz. Tib sereng nan gen mak ki montre ki kantite medikaman ou rale.

Si medikaman an vini nan yon anpoul:


1. Siye anpoul la byen pwòp avèk yon twal oswa ak alkòl. Apre sa, vlope tèt ti boutèy la ak yon twal ki pwòp epi kase tèt la.



2. Foure zegui a anndan anpoul la.

Fè atansyon pou zegui a pa touche sou deyò anpoul la.

Kenbe tib sereng nan an plas epi rale piston an. Sa ap rale medikaman an monte nan sereng nan.



3. Kenbe sereng nan avèk zegui a pwente sou anwo.

Tape dwèt ou sou tib la avèk atansyon jiskaske tout ti boul lè yo pase sou anwo. Apre sa, pouse piston an antre toupiti pou lè a ka soti.




Si medikaman an vini kòm yon likid nan yon ti boutèy:

1. Netwaye bouchon kawoutchou boutèy la avèk yon twal gaz ki esterilize oswa avèk yon twal ki tranpe nan alkòl. Sa anpeche kras tonbe sou zegui a e anndan medikaman an.




2. Rale piston an sou deyò pou ranpli sereng an ak lè. Apre sa, pouse sereng nan anndan tèt boutèy la, epi pouse lè a ale anndan boutèy la.





3. Vire boutèy la tèt anba. Asire w pwent zegui a rete nan medikaman an, olye pou l nan lè a. Kenbe tib sereng nan anplas epi rale piston an tou dousman jiskaske kantite medikaman ou bezwen an antre nan sereng nan. Rale zegui a soti nan boutèy la.



4. Kenbe sereng nan avèk pwent zegui a sou anwo. Tape dwèt ou sou tib la avèk atansyon jiskaske tout ti boul lè yo pase sou anwo. Pouse piston an antre toupiti pou lè a ka soti.




Si medikaman an vini kòm yon poud nan yon boutèy:

1. Netwaye bouchon kawoutchou tèt boutèy la avèk yon twal gaz ki esterilize oswa avèk yon twal ki tranpe nan alkòl.
2. Rale kantite dlo esterilize egzak ki pou dilye medikaman an. Ou ka esterilize dlo a lè w bouyi l pou 20 minit, apre sa w kite l frèt anvan w sèvi avè l.
3. Lage dlo esterilize a nan boutèy ki gen poud medikaman an ladan l lan. Pandan zegui a tou anndan l, souke boutèy la ak atansyon pou poud la ak dlo a ka melanje ansanm nèt.
4. Vire boutèy la tèt anba. Asire w pwent zegui a rete nan medikaman an olye pou l nan lè a. Kenbe tib sereng nan anplas epi rale piston an dousman jiskaske kantite egzak medikaman an antre nan sereng nan. Rale zegui a soti nan boutèy la.
5. Kenbe sereng nan avèk zegui a pwente sou anwo. Tape dwèt ou sou tib sereng an avèk atansyon jiskaske tout ti boul lè yo monte sou anwo. Pouse piston an antre toupit pou lè a ka soti.


Bay piki a san danje



Bay yon adilt piki nan dèyè oswa nan kuis.

Imajine chak bò dèyè divize an 4 pati. Bay piki a nan pati ki anwo ki sou deyò a.




Bay yon bebe piki nan gwo mis ki sou devan kuis li. Pa janm ba li l nan dèyè ni okenn lòt kote. Pichkannen mis la nan mitan pou ou ak dwèt ou pou ou ka pa pike zo a.


Oswa bay piki a nan mis long ki devan kuis la.




- Netwaye po a avèk savon ak dlo oswa avèk alkòl. Kite l sèch.




- Antre zegui a nèt. Lè w ap antre zegui a, aji vit epi swa pou l ka pa fè mal twòp. Lè zegui a fin antre, pa kite l bouje.



- Rale piston sereng nan soti yon ti kras. Si gen san ki parèt nan sereng nan, konnen li antre nan venn. Retire zegui a epi eseye ankò.



- Si pa gen san ki antre nan sereng nan, pouse piston an antre dousman pou w ka enjekte medikaman an nan mis la.



- Rale sereng nan soti.

- Imedyatman apre, depoze sereng nan yon kote li pap ka blese yon moun.

Si w ap itilize yon sereng ki fèt pou sèvi yon sèl fwa, ou dwe gen yon bwat toupre kote w ka jete zegui a (gade paj 68).

Si w pral itilize sereng nan ankò, ou dwe depoze l nan yon bokit klowòks, oswa nan klowòks ki melanje ak dlo, epi esterilize l (gade paj 66).



Note sa: Anvan w bay yon moun piki, se pou ou fè pratik bay yon fwi oubyen legim ki mou piki ki gen dlo, yon fason pou ou gen eksperyans itilize yon sereng.




ATANSYON! Zegui ki sèvi déjà danjere. Yo ka bay gwo maladi tankou epatit oswa VIH/SIDA.

- Pa eseye remete bouchon sou zegui yon piki ki fin sèvi. Ou ka pike pwòp kò w epi tou trape yon mikwòb ki danjere.
- Pa janm voye yon zegui jete nan fatra ni pa kite l kote l ka pike lòt moun.
- Si w resèvi ak yon zegui, fò w toujou esterilize l anvan.

Ki jan pou bay likid nan venn (sewòm)

Si yon fi pèdi anpil san pandan akouchman, oswa apre yon foskouch oubyen yon avòtman ki te konplike, li bezwen likid byen vit pou l pa mouri. Mennen l lopital pi vit posib. Pandan nou sou wout, ou mèt kòmanse ba li sewòm pou bay kò l likid nan venn. Si je l klè e li ka bwè likid, kite l bwè, men ou ka ba li sewòm tou.



Note sa: Aprann bay sewòm mande pratik ak eksperyans. Se pa yon bagay moun ka aprann nan liv. Suiv yon moun ki gen eksperyans, epi fè yon moun ki gen eksperyans gade ou menm pandan w ap bay sewòm premye fwa w ap fè l yo.

Ki jan pou bay sewòm

1. Lave men w byen avèk savon ak dlo pwòp. Mete gan ki pwòp.
2. Sanble tout materyèl w ap bezwen yo:

Yon sachè oubyen yon boutèy sewòm esterilize. Ou ka sèvi ak solisyon salin nòmal, oswa ak solisyon "Hartmann's".




Tib plastik esterilize (Gen sewòm ki tou vini ak yon tib.)



Yon zegui sewòm ki esterilize (zegui papiyon)




Yon adezif pou kenbe sewòm nan anplas.





Savon ak dlo pwòp, oswa alkòl, pou lave po moun nan



3. Ouvri pake tib esterilize a. Tache tib la nan boutèy la oswa nan sachè plastik la, men pa touche pati tib ki kole ak sachè a; fò l toujou rete esterilize.
4. Kwoke sachè ki gen solisyon an. Li dwe rete ase wo pou solisyon an ka koule desann nan tib la. Ou ka kwoke l nan yon klou nan mi an, oswa, nan ka dijans, yon moun ka kenbe l.
5. Kite likid la desann nan tib la pou tout lè ki nan tib la ka soti. Mare pwent tib la pou solisyon an pa tonbe pou l pa gaspiye. Gen tib ki tou vini ak yon klanps pou fèmen l.



6. Mare yon moso twal oswa yon bann kawoutchou anwo ponyèt fi a. Sa fè venn ki nan pati anba ponyèt la vin plen ak san, ki fè w ap ka jwenn yo pi fasil.
7. Gade pati anba ponyèt la epi chèche pi gwo venn ou ka wè.
8. Si w pa ka jwenn yon venn ki ase gwo nan pati anba ponyèt li, remare twal la oswa bann nan nan mitan pati anba ponyèt li a epi chèche yon venn sou do men l, oswa anwo pou li bò pwayè li.
9. Apre w fin jwenn yon venn, lave po l avèk savon ak dlo oswa avèk alkòl.
10. Avèk men w, kenbe venn nan anplas nan mitan dwèt ou ak pou ou. Kenbe zegui a nan lòt men an epi antre l ak prekosyon nan venn nan. Pa eseye antre twò fon oswa twò lwen anndan venn nan. Lè zegui a anndan venn nan, yon ti san ta dwe parèt nan pati anba zegui a.
11. Retire bann nan nan ponyèt fi a.
12. Demare tib ki gen solisyon an epi tache l nan zegui a.
13. Kite solisyon an kòmanse koule tousuit. Ta dwe gen yon bouton nan tib sewòm nan ki pou kontwole kantite solisyon k ap koule a. Kite solisyon an koule pi vit posib jiskaske w fin ranplase 2 fwa kantite san fi a te pèdi a. Si w panse li te pèdi 5 koup san, li dwe resevwa 10 koup sewòm. Apre w fin ranplase likid la, kontinye bay fi a 150 cc sewòm chak inèdtan jiskaske li pa bezwen sewòm ankò.
14. Pou kenbe zegui a anplas, kole tib la nan ponyèt fi a avèk adezif.



ATANSYON! Pa tann pou n al lopital. Mete yon sewòm ka pran anpil tan, sitou lè w fèk ap aprann. Si w eseye mete yon sewòm anvan w transpòte yon moun lopital, sa ka fè w pèdi tan, e pèdi tan ka danjere. Lè yon fi ap pèdi anpil san, li pi enpòtan pou w mennen l lopital byen vit olye w mete sewòm.

Pou retire yon sewòm, retire adezif la, pran yon moso twal esterilize oswa ki byen pwòp epi peze l sou kote zegui a te antre nan po a, apre sa rale zegui a rapidman. Kontinye peze kote a pandan kèk minit pou anpeche l senyen.

Katetè (yon tib pou ede pipi soti)

Si yon fi pa pipi, oswa li pa pipi ase, pandan plizyè èdtan, vesi li ka vin twò plen. Lè vesi a twò plen sa ka anpeche l fè kontraksyon kòrèkteman. Sa ka ralanti oswa kanpe tranche a. Apre akouchman, yon vesi ki twò plen ka fè fi a pèdi anpil san.

Gen plizyè fason pou ede yon fi pipi:

- Fè l koute bri dlo k ap koule.
- Mande l pou l akoupi.
- Mande l pou l chita nan yon dlo cho pwòp epi fè l pipi nan dlo a.
- Fè l vide dlo cho pwòp sou pati jenital li.

Si yon fi eseye chak metòd men okenn ladan yo pa ede l, ou ka oblige itilize yon katetè pou kite pipi a soti.



Katetè – yon tib ki pèmèt pipi soti nan vesi a.


Pou itilize yon katetè, ou glise yon tib esterilize anndan iret fi a (twou pipi l).



ATANSYON! Se pou w itilize yon katetè sèlman lè sa vrèman nesesè, lè w fin pran fòmasyon sou ki jan pou mete l san danje, epi lè w gen yon katetè ki esterilize. Lè w mete nenpòt bagay nan vesi fi a sa ka lakòz enfeksyon. Epitou, li ka fè l malalèz oubyen li ka ba l anpil doulè.

Ki jan pou mete yon katetè

1. Prepare zouti w yo:






Epitou, w ap bezwen yon kivèt oswa yon bokit ak yon limyè pou klere.

Si katetè a nan yon pake ki esterilize, ouvri pake a, men pa touche katetè a. Ouvri librifyan esterilize a, men **pa touche ni librifyan an ni katetè a**.

Peze yon ti librifyan sou pwent katetè a.

2. Lave vant manman an, kuis li, ak pati jenital li yo byen avèk dezenfektan ak dlo bouyi ki fin frèt.
3. Mete twal ki esterilize oubyen ki trè pwòp anba manman an.
4. Lave men w byen pandan omwen 3 minit (gade paj 53). Mete gan ki esterilize nan toude men w yo. Kite yon men esterilize. Li dwe touche katetè a sèlman, anyen ankò.
5. Fè yon moun klere limyè a sou pati jenital fi a pou w ka byen wè sa w ap fè a.
6. Kenbe ti lèv anndan vajen fi a ouvri avèk yon men ki gen gan yon fason pou w ka wè irèt la (li gendwa difisil pou wè).
7. Ak lòt men an, mete katetè a nan irèt fi a dousman, pandan w ap fè anpil atansyon.
Jeneralman, katetè a antre tou dwat. Men, si tèt ptit la nan vajen an, ou ka bezwen dirije katetè a sou anwo anvan, pou l ka pase anwo tèt la. Si katetè a pa ka kontinye antre, woule l nan mitan dwèt ou yo, men pa fòse l. Si w fòse l, sa ka blese manman an.
8. Lè pwent katetè a rive nan vesi manman an, pipi ap kòmanse degoute oswa koule nan lòt pwent la. Ou dwe gen yon kivèt oswa yon bokit pou trape l.
9. Retire katetè a lè pipi a rete.



Mande manman an pou l bwè anpil likid nan detwa jou k ap vini yo pou l ka pipi souvan. Sa ap pèmèt nenpòt mikwòb ki nan vesi a soti. Di manman an pou l veye si l gen siy enfeksyon (gade paj 128) pandan detwa semèn k ap vini yo.

Epizyotomi

Yon epizyotomi vle di koupe ouvèti vajen an pou l vin pi laj pou pitit la ka pase. Epizyotomi nesesè trè raman, men yo fè l **twò** souvan.

Sèl lè pou w fè yon epizyotomi se si pitit la gentan nan pasaj vajen an epi li dwe fèt san pèdi tan paske gen yon ijans medikal. Yon epizyotomi ka nesesè lè sa yo:

- Bebe a nan pozisyon chita.
- Pitit la prèske fèt, men gen yon gwo voun san ki soti nan vajen an (sa gendwa vle di plasenta a dekole ak matris la). Bebe a bezwen fèt rapid rapid, sinon l ap mouri.
- Kòd lonbrik la tonbe e li kole ant bebe a ak kò manman an (gade paj 176).
- Manman an te sibi sikonsizon nan pati jenital li, e li gen gwo sikatris ki ka anpeche vajen an detire pou bebe a pase. Si w konn ki jan, ou ka koupe sikatris la (gade paj 367). Si w pa konn kòman pou koupe sikatris la, ou ka oblige fè yon epizyotomi.




ATANSYON! Koupe yon epizyotomi gen anpil risk:

- Ensizyon an ka vin enfekte.
- Ensizyon an ka koupe yon venn san e sa lakòz li senyen fò.
- Ensizyon an ka bay manman an anpil doulè apre akouchman an. Sa ka fè l difisil pou l pran swen bebe l la.
- Menm yon ensizyon toupliti ka kontinye dechire. Nan yon ka ki pi grav li gendwa menm chire rive nan twou dèyè a (anis).
- Ou ka blese pitit la pa aksidan.



Epizyotomi pa geri pi vit pase dechiri. Fè yon epizyotomi sèlman pou ou ka sove lavi oubyen sante bebe a oswa manman l.

Ki jan pou fè yon epizyotomi

1. Lave men w byen (gade paj 53) epi mete gan ki esterilize.
2. Tann jiskaske vajen an gonfle ouvri epi ou ka wè tèt bebe a k ap pouse deyò.




3. Mete dwèt ou anndan vajen an konsa. Dwèt ou yo ap kenbe po vajen an lwen tèt bebe a.




4. Avèk dwèt pouz ou, chèche mis ki arebò twou dèyè a yo rele "esfanktè rektal" la. **Pa janm koupe rive nan mis twou dèyè a.**

5. Itilize yon sizo ki esterilize pou fè yon ensizyon nan chè a ki gen yon longè apeprè 2.5 santimèt (1 pouz). Li pi bon pou itilize sizo ki gen pwent won pou ou pa pike ni manman an ni bebe a.




Gen 2 fason moun plis konn koupe yon epizyotomi. Itilize fason yo te ba w fòmasyon pou li a.


Yon ensizyon nan mitan desann tou dwat soti nan vajen an. Kalite ensizyon sa ka geri pi vit ak mwens doulè.



Yon ensizyon oblik kòmanse nan mitan pati anba vajen an epi li ale agoch oswa adwat. Ensizyon sa yo gen mwens chans pou yo chire rive nan twou dèyè a.



6. Touche ensizyon an ak dwèt ou. Koupe l pi laj sèlman si w oblige fè sa. Li pi bon pou w fè yon sèl ensizyon olye plizyè ti ensizyon pití. Sonje, pa koupe mis ki bò twou dèyè a.



7. Peze ensizyon an avèk yon twal esterilize pou rete san an.



8. Apre akouchman an, koud ensizyon an. Gade paj suivan yo pou wè ki jan pou koud dechiri ak epizyotomi.

Koud yon dechiri oswa yon epizyotomi

Yon manman ki an sante ka evite pifò dechiri. Pandan gwochè la, li dwe manje byen, byen repoze, epi fè egzèsis sere lache regilyèman (gade paj 44). Sa ka ede si w pa kite tèt timoun nan soti twò vit pandan akouchman an (gade paj 207). Men, pafwa gen dechiri.



Jeneralman, ti dechiri yo geri poukонт yo. Mande fi a pou l'repoze pandan yon 2 semèn apre akouchman an. Li dwe kenbe janm li yo kole ansanm otank li kapab, men, li dwe fè mouvman avè yo regilyèman. Lòt moun ta dwe fè travay nan kay la pou li epi ede l'avèk bebe a.

Gen lòt dechiri ak ensizyon ki geri pi vit si yo koud.

Li pa difisil pou yo koud, men li enpòtan pou aprann kòman pou fè sa nan men yon moun ki abil.

Ki jan pou w deside si yon dechiri merite koud


Li difisil pou wè yon dechiri byen. Souvan, vajen fi a anfle apre akouchman an, epi li ka bouche ak san kaye. Pafwa, gen plizyè dechiri. Pran san w, epi sèvi avèk yon limyè ki byen klere. Ou ka bezwen yon moun kenbe yon flash pou ou.

1. Lave men w byen (gade paj 53) epi mete gan esterilize.
2. Chèche wè **ki longè** dechiri a epi **ki kantite nan chè a ki chire**.


Gade dechiri a sou deyò. Avèk dousè, mete 1 oubyen 2 dwèt anndan dechiri a pou wè pwofondè l. Avèk anpil atansyon, ouvri vajen an pou wè ki longè dechiri a.

3. Diskite avèk manman an si w dwe koud dechiri a oubyen non. Ti dechiri ki sispann senyen byen vit pa bezwen koud. Dechiri ki pi fon, oswa dechiri ki pa vle sispann senyen, bezwen koud.

Dechiri 1^{ve} degre




Dechiri premye degre pa bezwen koud.

Dechiri 2^{yèm} degre

Dechiri sa a ale ni nan vajen an, ni nan perine a (po ki ant vajen an ak twou dèyè a), ni nan mis ki anba po a.

Dechiri 2^{yèm} degre ap geri pi byen epi y ap gen mwens chans pou yo enfekte si yo koud, men yo ka geri poukонт yo.

Dechiri 4^{yèm} degre

Dechiri sa ale ni nan vajen an, ni nan perine a, ni nan mis la, ni nan mis twou anis la, ni li rive nan twou dèyè a menm.

Dechiri 4^{yèm} degre très difficile pour réparer. **Si yon manman gen yon dechiri 4^{yèm} degre ki rive nan twou dèyè a, mennen l'hopital san pèdi tan.**

Dechiri 3^{yèm} degre


Dechiri sa ale ni nan vajen an, ni nan perine a, ni nan mis la, ni nan mis ki toutotou two dèyè a.

Dechiri 3^{yèm} ak 4^{yèm} degree oblige koud. Si se posib, se yon moun ki gen anpil eksperyans ki pou koud yo.

Pou teste si mis ki alantou twou dèyè a chire

Bwose twou dèyè a lejèman avèk yon dwèt ki nan gan.

Si twou dèyè a sere, sa vle di pwobableman mis la pa gen pwoblèm. Si twou dèyè a pa sere, mis la ka blese.



Apre w fin fè tès sa a, swa ou jete gan ki te nan men w, swa ou esterilize l, epi lave men w byen.


Koud dechiri yo pi vit posib apre akouchman an pou yo ka geri pi byen. Li pi bon pou yon dechiri koud anvan 12 èdtan pase.

Si w pa kapab koud li anvan 12 èdtan pase, epi se yon dechiri 1^{ye} oswa 2^{yèm} degre, ou pa bezwen koud li ankò. Netwaye dechiri a byen epi di fi a pou l repoze toutotan l kapab pandan 2 semèn. Si l gen yon dechiri 3^{yèm} oswa 4^{yèm} degre, li oblige koud pou l pa gen yon domaj pèmanan. Li gendwa pa ka kontwole lè l poupou. Si sa posib, mennen manman an lopital.




ATANSYON! Ou gendwa pa gen kapasite pou w koud tout kalite dechiri poukонт ou. Si yon dechiri sanble li konplike oubyen li trè fon, si w pa gen zouti ki esterilize pou koud li, oswa si w pa gen eksperyans jere kalite dechiri sa a, mennen l lopital.

Zouti pou koud dechiri



Fil trip kwomik oswa "Vicryl" pi bon paske yon fonn, konsa ou pa bezwen retire yo apre. Ou dwe itilize fil konsa pou kouti ki fèt anba po a.

Si pa gen fil trip kwomik oswa "Vicryl" ki disponib, ou ka itilize fil koton senp ou te bouyi. Men, piske w ap gen pou w retire fil yo apre, koud dechiri a avèk yon sèl ranje fil.




Itilize dimansyon fil 000 pou koud anndan vajen an, epi ak dimansyon 00 pou koud mis. Si se yon sèl dimansyon fil ou genyen, ou ka sèvi avè l pou koud tout dechiri yo.

Li pi fasil pou w koud ak yon zegui ki koube. Gen fil ki vini ak zegui a tou tache ladan l.

Si sa posib, men lòt bagay ou dwe genyen:


Zouti pou kenbe zegui a



Zegui ak sereng ki esterilize pou fè anestesi



Pens oswa davye (pens dan) pou kenbe mis la pandan w ap koud




Anestesi lokal (medikaman ki pou fè kote w ap koud la pa sansib)



Note sa: Gade paj 59 pou aprann ki jan pou esterilize zouti ou yo.

Preparasyon pou koud yon dechiri


Mande manman an pou l'kouche sou do ak janm li kase e ouvri.



Lave men w (gade paj 53). Mete gan esterilize.




Depoze zouti esterilize w yo sou yon twal ki esterilize.



Mete yon twal esterilize anba dèyè manman an.



Avèk dousè, lave dechiri a ak dlo tyèd ki te bouyi epi ak dezanfektan oswa savon.



Mande yon moun kenbe yon flach pou klere dechiri a.



Mete anestezi kote dechiri a ye a

Si w koud yon dechiri tousuit apre akouchman an, vajen an ka angoudi toujou, konsa w ka pa oblige mete anestezi. Men, si sa posib, ou dwe mete anestezi anvan w koud li.

Anvan w bay anestezi a, mande manman an si l'konn pran l'deja. Pa ba li anestezi si li k'onn ba l'pwoblèm (tankou gratèl oswa pwoblèm respirasyon).



Mete anestezi nan pati jenital la anvan li koud

- Enjekte nan dechiri a jiska 10 mililit (ml) "lidocaine" 1% ki pa gen "epinephrine"

Oswa

- Enjekte nan dechiri a jiska 20 ml "lidocaine" 0.5% ki pa gen "epinephrine"

Oswa

- Flite "lidocaine" ki fèt pou po sou kò l'epi anndan dechiri a

"Lidocaine" se yon anestezi lokal yo itilize souvan. Pafwa yo k'onn rele l "lignocain". Ka gen lòt kalite anestezi lokal nan zòn pa w la. Asire w yo pa gen "epinephrine".


Anvan w enjekte yon anestezi, gade fòm dechiri a byen. Reflechi sou ki moso po ki bezwen koud ansanm. Sa enpòtan paske apre w fin enjekte anestezi a dechiri a pral anfle epi l'ap chanje fòm.

- Glise zegui a antre anba po a, jis anndan youn nan bò ki chire yo.
- Rale piston an dèyè toupiti. Si gen san ki parèt nan sereng nan, rale sereng nan deyò epi eseye antre l'ankò.
- Enjekte medikaman an dousman epi anmenmtan rale zegui a soti dousman.


Sa ap enjekte yon liy medikaman anba po a olye pou tout enjekte yon sèl kote. Po a ap anfle toupiti.

Enjekte medikaman sou lòt bò a menm jan an.


Enjekte anviwon 4 ml chak bò dechiri a. Pa mete plis pase 10 ml antou.



Yon lòt fason w ka enjekte medikaman an se pou w mete plizyè ti dòz toutolon kote ki chire a. Enjekte yon dòz jis anba po a chak kote ki gen yon **x** nan foto a.



Si dechiri a nan lèv vajen an, ou mèt enjekte plizyè ti dòz medikaman an toutotou li.



Si gen medikaman ki rete nan sereng nan, depoze l sou twal esterilize a. Ou ka bezwen itilize rès la apre.

Règ jeneral sou zafè koud dechiri


- Poko kòmanse koud jiskaske plasenta a soti epi ou sèten manman an ak pitit la an sante.
- Mete gan ki esterilize epi itilize zouti ki esterilize.
- Koud dechiri ki anndan vajen an anvan w koud sa ki sou po deyò a.
- Reflechi sou ki pati ki dwe koud youn ak lòt, epi ki kote fil la dwe pase, anvan w kòmanse koud chak kouti.
- Sèvi ak mwens fil posib: jis ase pou fèmen dechiri a.
- Pa koud ni san kaye ni cheve nan dechiri a. Sa ka lakòz enfeksyon.
- Pou w ka sèten matris la ratresi epi li vin di, fè yon moun tcheke l detanzantan pandan w ap koud. Pa blyie veye eta sante jeneral manman an.
- Konnen limit ou. Si yon dechiri sanble li twò fon oswa twò konplike, chèche asistans medikal.

Byen koud dechiri mande pratik ak eksperyans. Pou aprann li, eseye chire yon moso vyann epi rekoud li.

Ki jan pou koud dechiri

Men ki jan pou w itilize yon zegui ki koube:


Si w vle
pwent la
soti nan
direksyon
sa a...




...ou dwe antre
pwent zegui a
nan direksyon
anba a.

Si se posib, itilize yon pens ki pou kenbe
zegui a).


Kenbe zegui a
nan mitan,
men yon ti jan
pi pre anba a
ke pwent lan.
Pa kenbe fil la
nan pens la
paske li ka
kase.



Gen plizyè metòd kouti ou ka itilize. Itilize metòd ou te aprann fè epi w alèz avè l la. Gen yon kouti senp ki solid yo rele kouti diskontini. Yon kouti diskontini se senpleman yon grenn pwen kouti ak yon ne 4 doub, apre sa ou coupe toude pwent fil yo.



Antre zegui a
nan yon bò
dechiri a, apeprè
0.5 santimèt
parapò ak bò
dechiri a.



Monte zegui a sou
lòt bò dechiri a,
nan yon distans
0.5 santimèt
parapò ak bò
dechiri a.



Fè yon ne ki
gen 4 doub
(gade paj 364).


Kole 2 moso chè yo ansanm avèk anpil atansyon. Eseye remete yo byen nan menm plas yo te ye anvan akouchman an. Sa ka difisil si dechiri a konplike epi chè a anfle.

2 bò dechiri yo
dwe byen ranje.




Pa fè l konsa

Fil la dwe pase yon tikras pi wo pase anba dechiri a. Si kouti a pa antre ase fon, pati ki anba kouti a ka vin plen ak san oswa ak pi epi l ap fè enfeksyon. Si kouti a antre twò fon, li ka pèse twou dèyè a. Sa ka lakòz enfeksyon grav.



Kouti sa a byen fèt.




Kouti sa a pa
ase fon. L ap
ranmase san
ak pi.




Kouti sa a twò
fon. Li rive nan
twou dèyè a kote
poupou a ye a.

Mete chak kout fil ase pre pou 2 bò dechiri yo kole youn ak lòt. Pa fè yo twò sere; sa ka lakòz doulè oubyen enfeksyon.




2 bò yo dwe pre
youn lòt.



Yo pa dwe
ranmase chè a
fè pil.



Byen mare fil yo

(Nan desen sa yo, nou montre yon bò fil kouti an nwa, epi lòt bò a an blan, yon fason pou w wè ki jan pou mare ne a pi fasil. Yon vrè fil kouti ka nenpòt koulè, men tout fil la ap toujou yon sèl koulè.)



Mare yon ne 4 doub pou 1 ka solid. Pa fè ne ki gen plis ke 4 doub pou 1 pa twò gwo. Men ki jan pou ou fè yon pwen kouti ki gen yon ne 4 doub:


1. Kouche pwent fil ki gen zegui a sou lòt pwent la, pase 1 anba, epi rale 1 nèt pou 1 ka sere.
2. Nan dezyèm doub la, rekouche pwent zegui a sou lòt pwent lan, pase 1 anba, epi rale 1.
3. Fè sa 2 fwa ankò, chak fwa se pou w kouche pwent zegui a sou lòt pwent lan, pase 1 anba, epi rale 1 nèt pou 1 ka sere.



4. Koupe pwent yo apeprè 0.5 santimèt longè.

Sa ap fè yon ne kouti ki byen solid ki pap desere.

Gen moun ki pase fil la anba yon fwa anplis konsa:





Pase pwent zegui a anwo, anba, apre sa anwo ak anba ankò.


Sa ap pèmèt premye doub la rete sere pandan w ap mare lòt doub yo.

FASON POU KOUD YON DECHIRI OSWA YON EPIZYOTOMI ETAP PA ETAP

- Si w gen twal gaz esterilize, mete l nan vajen an sou anwo dechiri a. Li ede rete san k ap koule a pou l pa anpeche w fè travay ou. **Retire twal gaz la lè w fin koud.**
- Anndan vajen an fèt avèk yon kalite chè ki rele mikèz vaginal (“Muqueuse vaginale”). Anba chè sa a se mis la, ki pi wouj epi ki pi di. Li enpòtan pou ou koud sèlman mikèz avèk lòt mikèz, epi mis avèk lòt mis.
- Sèvi ak fil trip kwomik oswa “*Vicryl*”, mete premye pwen kouti a sou anwo pwent dechiri a pa anndan vajen an epi mare yon ne 4 doub.
- Kontinye fè pwen kouti diskontini jan w ap gade la a, sou longè vajen an.
Detanzantan, pouse tout moso dechiri yo ansanm pou asire tout bagay prale nan plas yo byen.




- Si dechiri a rive nan mis la, itilize kouti diskontini pou koud pati mis yo ansanm.
Sèvi ak mwens pwen kouti posib, jis ase pou kenbe yo ansanm. Souvan 2 ou 3 sifi. Pou chak pwen kouti diskontini a, mare yon ne 4 doub epi coupe pwent yo ak sizo esterilize.



- Kounye a fèmen perine a (chè ki ant vajen an ak twou dèyè a) sou mis la avèk menm kalite kouti diskontini yo ak ne 4 doub yo.


Koupe pwent fil yo ak sizo ki esterilize. Asire w pwen kouti ki fèmen mis yo kouvri ak chè a.



- Anvan w fini, mete yon dwèt nan twou dèyè manman an dousman pou asire okenn pwen kouti pa t rive jis anndan. Si w santi gen yon pwen kouti nan twou dèyè a, ou dwe defèt tout kouti a epi refè l nèt ankò! Fè atansyon pou ou pa kite okenn poupou touche ak dechiri a.
- Jete (oswa esterilize) gan w yo epi byen lave men w.

Ki jan pou koud mis twou dèyè a


Si mis ki toutotou twou dèyè yon fi chire, li riske pou l pa janm ka kontwole poupop l ankò. Sa se yon pwoblèm ki vrèman grav, e li trèzenpòtan pou mis twou dèyè a koud byen. Si sa posib, mennen fi a nan yon sant sante oswa mande yon moun ki gen anpil eksperyans pou l koud kalite dechiri sa a.




ATANSYON! Anvan w koud yon mis twou dèyè ki chire, verifye si twou dèyè a chire tou. **Pinga w eseye koud twou dèyè a, ou menm. Mennen l lopital san pèdi tan.**

1. Mis twou dèyè a rete anndan yon bwat tisi fen yo rele aponevwoz. Mis la ak aponevwoz la ka fè yon ti ratresi pou antre anndan kò fi a.

Itilize yon pens esterilize, yon klanps, oswa yon ti pens cheve pou rale yon pwent mis la ak aponevwoz la touputi pou ou ka wè yo.
Itilize yon lòt pens pou rale lòt pwent mis la pou l ka fè yon ti parèt deyò a tou.



2. Itilize fil trip kwomik oswa "Vicryl" dimansyon 00 pou koud mis twou dèyè a. Rale 2 bò mis twou dèyè a toupre youn lòt. Antre zegui a nan aponevwoz la ak mis la sou yon bò epi rale 1 soti sou lòt bò a.



3. Itilize 3 oswa 4 pwen kouti diskontini pou kenbe mis la ak aponevwoz la ansanm.
4. Apre w fin ranje mis la nan plas li, koud rès dechiri a.



Pran swen yon fi apre sikonsizyon

Nan kèk kominate, sitou ann Afrik, kèk kote nan sid Azi a, ak nan mwayèn Oryan an, yo konn koupe patijenital ti fi ak jèn famm. Menm jan ak anpil koutim, se yon fason pou yo chanje kò fi a pou l ka vin bèl, akseptab, oswa pwòp. Yo wè sa tou kòm yon pati nan pasaj yo pou yo vin fanm.

Pafwa se yon ti koupe toupiti yo fè. Pafwa yo retire klitoris la ak ti lèv vajen an. Pafwa yo koud yo pati nanjenital fi a fèmen. Kalite ensizyon sa yo gen plizyè non tankou sikonsizyon, oswa mitilasyonjenital feminin (MJF).




Menmsi tradisyon sa gen anpil enpòtans pou kominate a, MJF gen konsekans grav sou sante ak byennèt fi ki sikonsi yo. Pi devan, MJF ka rive bay enfeksyon nan irèt, pwoblèm santimantal, yo ka pèdi sansasyon seksyèl yo oswa kapasite pou yo fè sèks lè yo adilt, epi li ka lakòz akouchman ki long ki kòve ki lakòz lanmò pitit la oswa manman an.

Si yo te fè yon manman MJF epi yo te koud yon pati nanjenital li fèmen, fòk patijenital li koupe pou l ouvri ankò anvan l akouche.


Pou re-ouvri yon sikatrisjenital

1. Lave men w byen epi mete gan plastik ki esterilize.
2. Mete 2 dwèt anndan vajen an anba chè ki gen sikatris la.
3. Ba li yon anestesi lokal si w genyen (gade paj 360).
4. Itilize yon sizo ki esterilize pou re-ouvri sikatris la. Ouvri sikatris la ase pou ou ka wè irèt la, men pa pi lwen pase sa. Ensizyon sa yo ka bay anpil san, donk fè atansyon pou w pa koupe twò lwen.



Pou repare ensizyon an

1. Lave men w byen epi mete gan plastic ki esterilize.
2. Enjekte yon anestesi lokal sou toude bò sikatris la (gade paj 360).
3. Avèk fil trip kwomik oswa "Vicryl" dimansyon 000, rekoud sifas ki ouvè yo pou rete san an.



Yon sikonsizyon ki rekoud.

SWEN IJANS POU MJF

Yon fi yo te fèk koupe pati jenital li ka gen pwoblèm grav tankou pèt san ak enfeksyon. Toude ka mennen nan eta chòk, ki se yon ka dijans. Fi ki gen yon san ki pa sispann koule bezwen asistans medikal tousuit. Fanmsaj ka ede fi sa yo lè yo rete san an, bay yo tretman pou chòk, epi veye yo pou siy enfeksyon.


Pèt san ak chòk

MOVE SIY Men siy ki endike li nan eta chòk (omwen youn nan sa yo):

- Gwo swaf
- Po ki blèm, frèt, e mouye
- Batman kè ki fèb e ki rapid (plis pase 100 batman pa minit)
- Respirasyon rapid (plis pase 20 respirasyon pa minit)
- Pèdi lisidite l oswa pèdi konsyans (dekonpoze)

Sa pou w fè pou pèt san ak chòk

- Mennen l lopital imedyatman.
- Peze byen fèm sou kote k ap senyen an tousuit. Itilize yon ti twal ki pwòp ki pap absòbe anpil san. Fè fi a kouche avèk tay li anlè pandan w ap mennen l lopital la.
- Ede l bwè otank li kapab.
- Si l pèdi konesans epi ou byen lwen lopital la, ou ka oblige ba l likid nan dèyè (gade paj 342) oswa sewòm (gade paj 350) anvan w kòmanse vwayaj la.



Enfeksyon

Si zouti yo sèvi pou fè ensizyon an pa esterilize anvan epi apre yo itilize l, mikwòb ki sou li ka lakòz enfeksyon, tetanòs, VIH, oswa epatit.

MOVE SIY

- **Maleng ki enfekte:** lafyèv, pati jenital la anfle, pi oswa move sant k ap soti nan maleng nan, ak doulè k ap agrave
- **Tetanòs:** machwè sere, kou ak kò ki rèd, difikilte pou vale, epi kriz
- **Chòk:** (gade lis ki pi wo a)
- **Enfeksyon nan san (septisemi):** lafyèv ak lòt siy enfeksyon, pèdi lisidite, epi chòk



ATANSYON! Si yon fi kòmanse bay siy tetanòs, chòk, oswa septisemi, mennen l lopital tousuit.

Sa pou w fè pou enfeksyon

- Kontinye veye siy tetanòs ak chòk. Si l potko pran vaksen tetanòs, li dwe pran youn imedyatman (gade paj 411).
- Ba l medikaman famasi oswa remèd fèy pou doulè.
- Kenbe pati jenital li byen pwòp. Lave l avèk dlo fre ki te bouyi ki gen yon ti sèl.
- Ba l yon antibiyotik tankou “amoxicillin” oswa “erythromycin”.

Pou enfeksyon akoz sikonsizon fi



- bay 500 mg “erythromycin”, nan bouch, 4 fwa pa jou, pandan 10 jou

Vire yon bebe ki nan pozisyon chita oswa ki kouche sou kote

Lè yon bebe ap fèt, li nan mwens danje si se tèt li ki soti anvan olye se pye l ki soti anvan. Yon bebe ki kouche sou kote pap ka soti nan vajen manman l. Si w te resevwa bonjan fòmasyon pou sa, gendelè ou ka vire bebe a pou tèt li bay sou anba.



ATANSYON! Vire yon bebe gen anpil gwo risk. Pi gwo danje yo se si w ta dekole plasenta a soti nan matris la oswa si matris la ta chire. Danje sa yo ka touye pitit la ak tout manman an. Lè w ap vire yon bebe, sa ka tou lakòz tranche a kòmanse.

Vire bebe a sèlman si kondisyon sa yo ranpli:

- Ou te resevwa fòmasyon pou sa nan men yon moun ki eksperimente.
- Ou ka jwenn asistans medikal si w bezwen.
- Ou sèten bebe a nan pozisyon chita oswa li kouche sou kote.

Pou w ka wè ki danje ki genyen nan vire yon bebe:



Eseye mete yon ti poupe plastik anndan yon blad oswa yon sachè plastik epi ranpli l ak dlo.



Apre sa, eseye vire poupe a.



Matris la, menm jan ak blad la, ka chire fasilman si w pa fè anpil atansyon.

Vire bebe a


Pi bon lè pou vire yon bebe se 2 a 3 semèn anvan dat li sipoze fèt la. Si w vire l anvan sa, li ka retounen nan menm pozisyon chita a oubyen kouche a ankò. Epitou, si tranche a kòmanse, pap gen gwo danje pou ptit la tou fèt lè sa a.

Si sa posib, ou dwe gen yon moun pou ede w lè w ap vire yon bebe. Moun nan ka tande batman kè bebe a pandan tout tan w ap vire l la.




ATANSYON! Si kè a bat pi vit, oswa si l bat pi dousman, epi li pa tounen nan vites nòmal li, sispann vire bebe a. Si kè a kontinye bat vit oswa dousman, vire bebe a tounen nan pozisyon li te ye anvan an. Si batman kè a toujou pa nòmal, bay manman oksijèn si w genyen, epi fè l kouche sou bò goch li. Si batman kè bebe a toujou pa nòmal, mennen fi a lopital imedyatman.

1. Mande manman an pou l pipi epi fè l kouche sou do ak jenou li koube. Li enpòtan pou l rilaks kò l otank li kapab. Sa ka ede l pou l pran souf ki pwofon, byen dousman.
2. Koute batman kè bebe a (gade paj 139).
3. Si batman kè a nòmal, manyen vant manman an pou asire bebe a toujou nan pozisyon chita.
4. Kenbe tèt bebe a avèk yon men. Mete lòt men an anba dèyè bebe a, epi pouse l monte, nan direksyon pati anwo matris la, yon fason pou ou retire bebe a nan basen an.



5. Avèk yon men fèm, men avèk dousè, avanse bebe a nan direksyon kote fas li bay la. Si l pa ka deplase fasilman, eseye deplase l nan lòt direksyon an. Eseye fè manton bebe a rete kole sou lestomak li.
6. Chak fwa bebe a avanse, menmsi se tou piti, kanpe epi koute batman kè l. **Si batman kè a pa nòmal, sispann vire l.**
7. Kontinye vire bebe a jiskaske tèt li anba.



ATANSYON! Pa janm fose yon bebe pou l vire. Si w santi bebe a kole oswa si manman an gen doulè, sispann vire l.

Vire yon bebe ki kouche sou kote

Vire yon bebe ki kouche sou kote se menm bagay ak vire yon bebe ki nan pozisyon chita.

Vire bebe a nan pozisyon kote li bay fas li a. Si l pa ka vire nan direksyon sa a, ou ka

oblige vire l nan lòt direksyon an pou l nan pozisyon chita a. Pozysyon chita a pa bon tankou pozisyon tèt anba a, men omwen l ap ka pase nan vajen an konsa.



Si yon bebe ki kouche sou kote pa ka vire fasilman, ou dwe sispann eseye vire l, epi pitit la dwe fèt lopital pa mwayen yon sezaryèn.

